दिन—शुक्रवार दिनांक—27.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे बरखा भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे पूर्णियां, अररिया आ किशनगंज में बहुत भारी बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अररियाक फारबिसगंज मे सभ सँ बेसी तीन सय चालीस मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल, जखनकि पूर्णियांक डगरूवा मे दू सय तीन दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। विभाग अगिला चौबीस घंटा मे अररिया, किशनगंज, गोपालगंज, पूर्वी चंपारण आ पश्चिमी चंपारणक किछु स्थान पर अत्यंत भारी बरखा हेबाक रेड अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, सीतामढ़ी, सीवान, मधेपुरा, पूर्णियां आ मुजफ्फरपुर जिला मे भारी बरखा हेबाक ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

---

मौसम विभाग लगातार भऽ रहल बरखाक कारणे प्रदेशक किछु क्षेत्र मे अगिला चौबीस घंटा लेल बाढ़ि के लऽ कऽ चेतावनी जारी कयलक अछि। विभाग मधुबनी, सीतामढ़ी, मुजफ्फरपुर, सीवान, गोपालगंज, पटना, जहानाबाद, पश्चिम चम्पारण आ पूर्वी चम्पारण जिला मे लोक सभ सँ सतर्क रहबाक अपील कयलक अछि।

---

वृक्षारोपण अभियान एक पेड़ मां के नामक अन्तर्गत देशभरि मे एखन धरि अस्सी करोड़ सँ बेसी पौधा लगाओल जा चुकल अछि। पर्यावरण, वन आ जलवायु परिवर्तन मंत्रालय अस्सी करोड़ पौधा लगेबाक महत्वाकांक्षी लक्ष्य के निर्धारित समय सीमा सँ पहिने पूरा कऽ लेलक। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि वर्ष पांच जून के विश्व पर्यावरण दिवसक अवसर पर पीपर के पौधा लगाकऽ एक पेड़ मां के नाम अभियानक शुभारंभ कयने छलाह।

---

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर प्रदेशवासी लोकनि सँ स्वच्छता पखवाड़ाक अन्तर्गत मनाओल जा रहल स्वच्छता ही सेवा अभियान मे सम्मिलित हेबाक अपील कयलनि अछि। राजभवन मे एहि अभियानक शुभारंभ करैत श्री आर्लेकर कहलनि जे अपन घर आ लऽग पास के स्वच्छ राखिकऽ हम स्वच्छ भारत–स्वस्थ भारत संकल्प के पूरा कऽ सकैत छी।

———————————————————————

संसदक विभाग संबंधी स्थायी समितिक गठन कऽ देल गेल अछि। पूर्वी चम्पारण सँ भाजपा सांसद आ पूर्व केन्द्रीय मंत्री राधा मोहन सिंह रक्षा समितिक अध्यक्ष बनाओल गेल छथि। जदयूक संजय झा परिवहन, पर्यटन आ संस्कृति समितिक अध्यक्षता करताह। ओतहि, पूर्व केन्द्रीय मंत्री राजीव प्रताप रूढ़ी जल संसाधन समितिक अध्यक्ष बनाओल गेल छथि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी उनतीस सितम्बर रवि दिन पूर्वाह्न एगारह बजे आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय चौदहम संस्करण होयत। ई कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ नेटवर्क पर प्रसारित कयल जायत। ई आकाशवाणी वेबसाईट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल एप पर सेहो उपलब्ध रहत।

———————————————————————

आइ विश्व पर्यटन दिवस अछि। लोक सभ के एक दोसर सँ जोड़ने रखबाक आ अर्थव्यवस्था के मजगूत करय मे पर्यटनक भूमिका के दर्शेबाक उद्देश्य सँ प्रत्येक वर्ष सत्ताईस सितम्बर के ई दिवस मनाओल जाइत अछि। एहि वर्षक विषय थिक– पर्यटन और शांति। प्रदेश मे शराबबंदीक बादो पर्यटकक संख्या मे वृद्धि भेल अछि। पछिला वर्ष करीब साढ़े पांच लाख विदेशी पर्यटक अयलाह। ओतहि, वर्ष जुलाई धरि दू लाख सड़सठि हजार सँ बेसी पर्यटक आबि चुकल छथि। पर्यटन मंत्री नीतीश मिश्रा जनौलनि जे प्रदेशक आनो पर्यटन क्षेत्र के विकसित करबाक लेल काज चलि रहल अछि। ओ कहलनि जे राज्य मे निजी सार्वजनिक भागीदारीक आधार पर तीन फाईव स्टार होटलक निर्माण के अनुमति देल गेल

अछि। ओ कहलनि जे पर्यटन केन्द्र के बढ़ावा देबाक लेल मुख्यमंत्री होम स्टे आ बेड एंड ब्रेकफास्ट प्रोत्साहन योजना के मंजूरी देल गेल अछि।

———————————————————————

पर्यटन मंत्री नीतीश मिश्रा जनौलनि जे जानकीक जन्म स्थली पुनौरा धामक विकास लेल काज कयल जा रहल अछि। पर्यटक लोकनिक संख्या के देखैत यात्री सुविधा बढ़ाओल जा रहल अछि।

———————————————————————

बेगूसराय मे अधिवक्ता आ खगड़िया जिला भाजपा प्रभारी अमरेन्द्र कुमार अमर के मोबाईल पर व्हाट्सएप कॉल कऽ कऽ हुनका आ केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह के नोकसान पहुँचेबाक धमकी देल गेल। श्री अमर द्वारा नगर थाना बेगूसराय मे एहि संबंध मे सूचना दैत कहल गेल अछि, जे ई कॉल पाकिस्तान सँ आयल छल।

———————————————————————

दुर्गापूजा मे विधि व्यवस्था बनौने रखबाक उद्देश्य सँ बिहार पुलिस मुख्यालय विशेष परिस्थिति के छोड़ि कऽ सभ पुलिसकर्मीक छूट्टी के पाँच अक्टूबर सँ सोलह अक्टूबर धरि रद्द कऽ देलक अछि।

———————————————————————

समाप्त